Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 37 (6923) 30 сентябрь 2024 с. Итни РабигIул авал 1445 с. Багьа - эркенаб

**БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ**

## Гъоркь Инхо, Килалъ, ЧIикь росабазул жамагIат къабул гьабуна

### ТIабигIияб газ бачин, налогал гIужда кьей, нухал къачIай...

**Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалипов араб анкьалъ дандчIвана Килалъ росдал вакилзабигун. Тадбиралда гьединго гIахьаллъи гьабуна муниципалиталъул нухмалъулесул заместитель МухтарахIмад АхIмадовас, федералиял, регионалиял, бакIалъулал идарабазул, администрациялъул хIалтIухъабаз, килдерил бегавул ГIабдулхIамид МухIамадовас, жамгIияв хIаракатчи АхIмад Каримовас ва цогидаз.**

Килалъ росдал социалиябгун экономикиял рахъал церетIеялъул суалал рорхана данделъиялда. Гьединго бицана маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул мина къачIазе пачалихъияб программаялъулъ гIахьаллъиялъул, росулъ нухазда ремонт гьабиялъул, цIияб лъималазул ах базе хIажат букIиналъул, налогал кьеялъул рахъалъ налъи дагь гьабиялъул, Россиялъул Минобороениялъулгун къотIи гьабун, рагъулаб хъулухъ борхиялъул, мина-карталъул документал гьариялъул ва гь. ц.

Килдерица тIуразе рокьарал суалал загьир гьаруна, районалъул нухмалъулес гьезул мурадал тIуразе квербакъулел тIадкъаял кьуна. Абизе ккола Килалъ росулъ 2023-абилеб соналъ «Росабазул цадахъаб цебетIей» абураб программаялда рекъон бараб фельдшерскиябгун акушерскияб пункт рагьана. ЦIалул идарабазда капиталияб ремонт гьабиялъул программаялда рекъон школа







къачIана. Хъил тIун, Инхо-Килалъ нухги базе буго.

ЧIикь росдал жамагIатгунги дандчIвана араб анкьалъ Гъалип Гъалипов ва администрациялъул хIалтIухъаби. Тадбиралда рорхана росулъе тIабигIияб газ бачиналъул, налогал гIужда кьеялъул, бухIараб токихъ гIарац жиндир заманалда кьеялъул ва цогидал кIвар бугел суалал.

Гьединго муниципалиталъул нухмалъулес къабул гьаруна Гъоркь ва ТIад Инхо росабазул вакилзаби. Дандеруссиналда гIахьаллъараз кинабго рахъалъан росу цебетIезе квербакъулел суалал рорхана.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

**БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ**

## Гъалип Гъалипов: «Бакълъулаз къиматаб бутIа лъолеб буго Россиялъул гIорхъалаби цIуниялъулъ»

### РФялъул Минобороениялъулгун контракт хъваялъул бицана

**Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповасул нухмалъиялда тIобитIараб данделъиялда спецоперациялъул мухъалде, Россиялъул Минобороениялъулгун контрактги хъван, иналъул суалал рорхана. Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна федералиял, регионалиял ва бакIалъулал идарабазул вакилзабаз.**



«Бакълъулаз къиматаб бутIа лъолеб буго Россиялъул гIорхъалаби цIуниялъулъ. ГIемерисел нилъер рагъухъабазе пачалихъиял шапакъиталги щвана. ТIадаб рагъулаб борч борхиялъул рахъалъан гIадамазе баянал гьариялде кIвар буссинабизе ккола»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Муниципалитеталъул нухмалъулес баркала загьир гьабуна районалъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул ишазул комитеталъул нухмалъулев Салман Сурхаевасе бакълъулазда гьоркьоб РФялъул Минобороениялъулгун къотIи-къай гьабиялда тIасан хIалтIи гьабуралъухъ.

Тадбиралда гьединго сахлъи цIуниялда, росдал магIишат, лъайкьей цебетIезабиялда хурхарал суалалги рорхана.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

**НОМЕРАЛДА РУГО:**



**Гъалип Гъалипов – МухIамад аварагасул (с.гI.в.) асаразул цебелъеялда**

- 2 гьум.



**Рагъулаб самбоялъул рахъалъ гьунар бихьизабуна**

- 2 гьум.



**ХIосейн Лабазановасул чIел**

- 2- гьум.



**СВОялъул рагъухъабаз салам битIулеб буго ракьцоязде**

- 2- гьум.

ДИН – ХВАСАРЛЪИ

## Гъалип Гъалипов – МухIамад аварагасул (с.гI.в.) асаразул цебелъеялда

### Табасаран районалъ 95 сон баялъул тадбиралдаги гIахьаллъана

**Муниципалитеталъул нухмалъулев Гъалип Гъалипов щвана МухIамад аварагасул (с.гI.в.) асаразул цебелъей букIараб Гъизилюрт шагьаралде.**



Гьесда цадахъ рукIана МахIачхъалаялъул нухмалъулесул гIакълучи Арсен Диби-



ров, Гъизилюрталъул депутатазул Собраниялъул депутат МухIамад Загьидов, 1999-абилеб соналъул ополчениялъул командир МухIамад Абулмуслимов, ДРялъул Миннацалъул вакил МухIамад МухIамадов ва цогидал.

Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас гьединго Табасаран районалъ 95 сон тIубаялъул хIурматалда тIобитIараб тадбиралдаги гIахьаллъи гьабуна. Юбилеялъулаб тадбиралда Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовас СВОялъул мухъалдаса тIадвуссинчIев Россиялъул БахIарчи Исрафил МухIамадовасул хIурматалда бюст рагьана.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЛ ВА СПОРТ

## Рагъулаб самбоялъул рахъалъ гьунар бихьизабуна

### Бергьенлъаби цIикIкIаги

**Бакълъул районалда бугеб Россиялъул ОМВДялъул ОСР ППСПялъул командаялъ рагъулаб самбоялъул рахъалъ Дагъистаналъул турниралда командаялъулаб кIиабилеб бакI ккуна.**



Кьецазул хIасилалда Алмасхан ГIабдулахIидовас 64 кг цIайиялда тIоцебесеб бакI босана, спортивияб самбоялъул рахъалъ гьединго тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана гьев.

79 кг цIайиялда цере рахъаразда гьоркьов ГъазимухIамад Гъойтимировасе лъабабилеб бакI щвана. Гьединго, 98 кг цIайиялда Шамил МухIамадбакировас рагъулаб самбоялъул рахъалъ кIиабилеб бакI ккуна, босана спортивияб самбоялъул рахъалъги кIиабилеб бакI босана.

Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас Бакълъул ракьалда бугеб Россиялъул ОМВДялъул хIалтIухъабазда призовиял бакIал щвей баркана, сундулъго бергьенлъи ва цебетIей гьарана.

**Макка МухIамадова**

БАКЪЛЪУЗУЛ БЕРГЬЕНЛЪАБИ

## ХIосейн Лабазановасул чIел

### Иргадулаб нухалъ рекериялъул рахъалъ гьунар бихьизабуна

**Машгьурав спортсмен, МелъелтIа росулъа жамгIияв хIаракатчи ХIосейн Лабазановас Россиялъул мугIрузулаб рекериялъул Гран-приялда тIоцебесеб бакI босана. Кьецал тIоритIана Тарки-Тау мегIералда, Крымсолтан-аренаялда аскIоб.**




ХIосейн Лабазановасул буго 58 сон, кIвахIаллъичIого цебетIезабуна спорт. Спортсменасул рагIабазда рекъон, цIиял гIелал гьетIизаризе ккола спорталдехун.

«Спорталдехун буссинабураб заман гIадада холаро. Гьелъ квербакъула квешалдаса цIиял гIелал цIунизе, сахлъи борхизабизе»,- ян абуна Лабазановас.

Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас Лабазанида баркана иргадулаб нухалъ бергьенлъи боси, гьарана щулияб сахлъигун халатаб гIумру ва сундулъго икъбал.

**Макка МухIамадова**

ЧIАХЪАГИ МАГIАРУЛАЛ

## МелъелтIа: районазда гьоркьосеб столалда теннис хIаялъул турнир

### Спорт – инсан цеветIеялъе квербакъи

**Дагъистаналде кIанцIарал халкъазда гьоркьосел террористал щущахъ рихизаруралдаса 25 сон иналъул хIурматалда столалда теннис хIаялъул районазда гьоркьосеб турнир тIобитIана араб анкьалъ Бакълъул районалда. Тадбир рагьиялъул хIалтIи тIобитIана муниципалитеталъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул ишазул комитеталъул нухмалъулев Салман Сурхаевас.**




Кьецазул тIоцебесеб финалалъул хIасилалда тIоцебесеб бакI босана Чанко росулъа ГIалимхан Алхановас, кIиабилеб бакI щвана МелъелтIаса Шарапудин Корголиевасе, лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Шамилхъалаялдаса Шамил ГIабдурахIманов.

Гьединго кIиабилеб финалалъул хIасилалда тIоцебесеб бакI щвана Хунзахъ росулъа МухIамад Амаевасе, кIиабилеб бакI босана Шамилхъалаялдаса Зайнула МухIамадовас, лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Хьаргабиса МухIамад ГIабдухаликьов.

Бергьенлъи босаразе ва призовиял бакIал ккуразе грамотаби, медалалги кьуна. Турниралъул гIахьалчагIигун дандчIвана муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалипов, гьесул заместитель МухтарахIмад АхIмадов, мелъелдерил бегавул МухIамад ГIабдунасиров, ДРялъул Муфтияталъул вакилзаби ва цогидал.

Гъалип Гъалиповас спортсменазда баркана лъикIал хIасилал рихьизари, гьарана щулияб сахлъи ва сундулъго цебетIей. Спортивияб тадбиралда гIахьаллъарал гьалбадерица турнир гIуцIаразе баркала загьир гьабуна лъикIаб дандчIваялъухъ.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## СВОялъул рагъухъабаз салам битIулеб буго ракьцоязде

### Бергьенлъигун тIадруссаги

**Украина неофашистаздаса эркен гьабиялъул мурадалда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи, «Рагъулаб тIокIлъиялъухъ» медалалъе мустахIикълъарав ЦIиликь росулъа лейтенант Бувайсар ГIалимирзаевас СВОялъул мухъалдаса ракьцоязде салам битIулеб буго.**

«Ассаламу гIалайкум! ГIагараб Бакълъул районалъул гIадамазде буго ракIракIалъулаб салам. Россиялъул рагъулал къуватаз унго-унгояб махщел, гьунар бихьизабулеб буго спецоперациялъул мухъалда. Гьезда гьоркьор улкаялъул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъулъ къиматаб бутIа лъолеб буго бакълъулазги. Бергьенлъигун тIадруссина»,- ян абуна ГIалимирзаевас. Рагъухъанас нижехъе битIун бачIараб гьаб сураталда гьев вуго бакьулъ.

Гьединго бакълъулазде салам битIулеб буго «БахIарчилъиялъухъ» медаль щварав Игьали росулъа рагъухъан Шамил ХIадисовас. «СВОялъул мухъалда дунялалъего кIвар цIикIкIараб тарих хъвалеб буго. Нижеца хIаракат бахъулеб буго бакълъулазул цIар борхатго ккезе»,- ян абуна Шамил ХIадисовас.



Лъанлъари росулъа СВОялъул гIахьалчи, Жуковасул медалалъул кавалер кIудияв сержант МухIамад Жаватхановасги хъван бачIана нижехъе. Гьесулги гьари буго ракьцоязда салам бицеян. БахIарчиял бакълъулазе гьарула щулияб сахлъигун халатаб гIумру, икъбал, бергьенлъигун тIадруссин.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

СТРАНА ГОР

## О предоставлении жилья отдельным категориям граждан

**Минтруда Дагестана является уполномоченным органом по обеспечению жильем отдельной категории граждан в виде предоставления безвозмездной субсидии на приобретение жилья.**

-В 2024 году на эти цели Минтруду РД выделено более 355,4 млн рублей из федерального бюджета. Так, с начала 2024 года, министерством



предоставлены свидетельства о предоставлении субсидии на приобретение жилья:

-1 вдове участника Великой Отечественной войны;

-49 инвалидам и семьям, имеющим детей-инвалидов;

-12 ветеранам боевых действий и членам семей погибших (умерших) ветеранов боевых действий;

-6 гражданам, подвергшимся воздействию радиации.

-В настоящее время продолжается работа по обеспечению жильем указанных категорий граждан. В соответствии с предусмотренными на 2024 год денежными средствами Минтруд РД может предоставить в текущем году свидетельства о предоставлении субсидии на приобретение жилья порядка 200 гражданам.

-Одновременно сообщаем, что сводные списки граждан рассматриваемых категорий на 2024 год размещены на официальном сайте Минтруда РД по ссылке (https://dagmintrud.ru/activity/13249).

**ЦСОН РД в Гумбетовском районе**

## Галип Галипов выразил соболезнования в связи с уходом из жизни Сурхая Сурхаева

**Глава Гумбетовского района Галип Галипов выразил соболезнования родным и близким ведущего специалиста управления образования Гумбета Сурхая Сурхаева в связи с его кончиной.**

«Выражаю глубокие соболезнования родным и близким Сурхая Алхановича Сурхаева, который ушёл из жизни прямо за рабочим столом. Все мы – от Аллаха, и к Нему – наше возвращение. Мы разделяем с вами скорбь этой невосполнимой утраты. Сурхай Сурхаев



посвятил жизнь развитию образования в родном районе. Уроженец села Тлярата Гумбетовского района, он работал в разных поселениях родного края учителем, был одним из лучших специалистов, долгие годы проработал в управлении образования Гумбета. Высокий профессионализм и прекрасные человеческие качества снискали Сурхаеву большой авторитет среди коллег и народа. Да сделает Всевышний его одним из обитателей рая», – сказано в соболезновании главы Гумбетовского района Галипа Галипова.

СТРАНА ГОР

## Более 2,5 тысяч абонентов «Газпром межрегионгаз Махачкала» в августе стали новыми пользователями «Личного кабинета»

С начала 2024 года количество пользователей сервиса «Личный кабинет» компании «Газпром межрегионгаз Махачкала» выросло на 15 %. Всего «Личным кабинетом» пользуются 152 489 дагестанцев, то есть каждый четвертый потребитель газа.

Важным преимуществом «Личного кабинета» является возможность дистанционно передавать показания приборов учета и оплачивать счета за газ без комиссии, видеть историю платежей по годам и начислений.

Интерфейс сервисов «Личный кабинет» прост, а регистрация занимает всего несколько минут, важно иметь электронную почту и знать 10-значный лицевой счёт. В «Личном кабинете» также можно подключать неограниченное число лицевых счетов и контролировать по ним расчеты. Так можно помочь оплачивать газ, например, пожилым родственникам, проживающим в сельской местности, которым затратно по времени и средствам посещать кассы оплаты за газ.

Сервис доступен в формате




мобильных приложений «Газ онлайн» и «Мой газ», которые можно скачать в App Store или Google Play и в веб-версии на сайте компании https://mkala-mrg.ru/ . Также на сайте ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» и в социальных сетях компании опубликованы пользовательские инструкции к «Личному кабинету» и ответы на часто задаваемые вопросы о работе сервиса.

Операторы контакт-центра ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» по бесплатному номеру 8-800-200-98-04 (в рабочее время) проконсультируют и помогут с регистрацией в «Личном кабинете абонента».

СТРАНА ГОР

## Какие трудовые гарантии доступны для участников СВО?

**Если гражданин призван по мобилизации, контракту или добровольцем, то его работа «заморожена» на время**




**службы, то есть рабочее место за ним сохраняется.**

Дополнительные гарантии для тех, кто вернулся со службы:

-работодатель обязан принять военнослужащего на прежнее место работы или другую подходящую вакансию, если старая должность уже занята;

-государство помогает найти работу с учётом профессии, а время, которое гражданин провёл на службе, считается как опыт работы;

-при сокращении штата военнослужащему обязаны сохранить место работы и должность, если он был принят на неё впервые.

Отметим, что работодатель не может уволить военнослужащего в течение 3 месяцев после окончания службы.

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## В Гумбете проходит ОПН «Подросток-2024»

**С 25 сентября по 05 октября 2024 года на территории обслуживания МО «Гумбетовский район» проводится оперативно-профилактическое мероприятие «Подросток-2024», целью которого является реализация социально - профилактических мер, направленных на устранение причин и условий противоправного поведения несовершеннолетних, защиту их прав и законных интересов, оперативного решения вопросов устройства детей, оздоровления и занятости, оказания различных видов помощи, а также усиления межведомственного взаимодействия органов и учреждений системы профилактики безнадзорности и правонарушений несовершеннолетних в организации и проведении работы по предупреждению безнадзорности.**

**Задачи проведения ОПМ «Подросток-2024»:**

- выявление семей, находящихся в социально опасном положении, организация профилактической работы, предусматривающей создание условий для коррекции проблем семейного неблагополучия на ранней стадии, принятие в соответствии с законодательством мер к родителям или иным законным представителям несовершеннолетних, не исполняющим своих обязанностей по их содержанию и воспитанию;

- выявление несовершеннолетних, находящихся в социально-опасном положении и в трудной жизненной ситуации, оказание им необходимой помощи;

- профилактика распространения алкоголизма, токсикомании и наркомании среди несовершеннолетних;

- выявление подростков правонарушителей и групп несовершеннолетних антиобщественной направленности, принятие мер по предупреждению их противоправного поведения, оказание социально-реабилитационной помощи;

- выявление подростков, уклоняющихся от учёбы, принятие мер по возвращению их в образовательные учреждения для продолжения обучения;

- выявление и привлечение к ответственности лиц, вовлекающих несовершеннолетних в совершение преступлений и антиобщественных действий;

- выявление причин и условий, способствующих противоправному поведению подростков, подготовка и реализация предложений по их устранению;

При возникновении ситуаций, угрожающих жизни и здоровью несовершеннолетних, Вы всегда можете обратиться по телефонам:

Телефон доверия 8-800-2000-122

**Врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району майор внутренней службы М.З. Гусейнов**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# В Гумбете проводится ОПМ «Нелегал-2024»

**Уважаемые жители Гумбетовского района!**

В период с 30 сентября по 6 октября г. на территории района проводится оперативно-профилактическое мероприятие



под названием «Нелегал 2024».

Целью мероприятия явля¬ется выявление и пресечение каналов незаконной миграции граждан третьих по отношению к государствам – членам ОДКБ стран, документирование и пресечение деятельности лидеров и участников организованных групп и преступных сообществ, имеющих международные и межрегиональные связи, причастных к организации незаконной миграции иных нарушений миграционного законодательства, а также предотвращение преступлений террористического и экстремистского характера со стороны иностранных граждан и лиц без гражданства. Незаконному обороту оружия, боеприпасов, наркотических средств, торговле людьми

В связи с изложенным, отдел МВД России по Гумбетовскому району убедительно просит жителей района обо всех известных вам случаях использования в трудовой деятельности услуг иностранных работников, а также необоснованного (незаконного) нахождения на территории Гумбетовского района иностранных граждан, подозрительных лиц, со-общать по телефону: 8 (8722) 99-69-12 или 8 999 418-85-10 - сообщает ОМВД России по Гумбетовскому району.

**Врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району**
**майор внутренней службы М.З. Гусейнов**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

# Проводится отбор кандидатов для поступления на военную службу по контракту

**Требование: возраст от 18 до 60 лет, а также граждане, ранее проходившие службу по контракту, годные к военной службе и физически развитые, не судимые.**

Рассмотрим граждан, ранее уволенных по несоблюдению условии контракта. Денежное довольствие повышенное. Возможность заключить контракт, на выбор гражданина год и выше. Полный социальный пакет. Информационный материал о социальных льготах, гарантиях и денежном ДОВОЛЬСТВИИ.

При заключении контракта дополнительные выплаты: 1. 400000р. - от государства; 2. 500000р. - региональная выплата; 3. l00000р. - выплата муниципалитета (Администрация района) По вопросу отбора обращаться в военный комиссариат Казбековского и Гумбетовского муниципальных районов тел.(8-279)-2-13-02

**Военный комиссар Казбековского и Гумбетовского районов**
**А. Магомедов**

СТРАНА ГОР

# Самовольная газификация – запрещена и опасна!

**ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» информирует население об ответственности за самовольную газификацию, вмешательство в газопроводы и несанкционированное потребление газа.**

В рамках подготовки к предстоящему отопительному периоду газовые службы республики напоминают о недопустимости самовольных подключений отопительных приборов к системе газоснабжения для отопления домов и помещений.

Самовольное подключение создает угрозу возникновения нештатных ситуаций, которые могут повлечь за собой человеческие жертвы и значительные материальные потери. Также, в результате несанкционированного отбора газа, падает давление в системе газоснабжения жилых домов населенного пункта, что отрицательно сказывается на работе газовых приборов добросовестных абонентов.

За несанкционированное подключение к газовым сетям и незаконное потребление газа законодательством предусмотрены административная и уголовная ответственность. Гражданам, ранее привлеченным к административной ответственности, за повторное самовольное подключение к газопроводу грозит уголовная ответственность. Помимо этого, абонент полностью возмещает причиненный поставщику газа ущерб и оплачивает расходы газораспределительной организации на проведение работ по ликвидации несанкционированного подключения.

Для газоснабжения дома или коммерческого помещения, а также теплиц, птичников и проч. с использованием газа на законных основаниях, жителям необходимо обращаться с заявлением в адрес поставщика газа.

Важно помнить, что газовое оборудование требует крайне аккуратного обращения. Неправильная эксплуатация или неисправность оборудования могут привести к непоправимым ситуациям. Статистика показывает, что чаще всего к беде приводит человеческий фактор.

Также потребители газа должны помнить о важности допуска сотрудников газовых служб для проверок газового оборудования и своевременной его замене. Напоминаем, что в апреле 2024 года вступил в силу закон, ужесточающий наказание за нарушение правил использования газового оборудования и его самовольную замену, согласно которому, штрафы за несанкционированные работы выросли в десятки раз.

Самостоятельная установка или замена плит и другого газового оборудования без привлечения специализированной организации не допускается. За подобные действия предусмотрен штраф.

Для собственной безопасности и безопасности окружающих доверяйте подключение к газоснабжению, установку и замену газовых приборов только сотрудникам специализированной газораспределительной организации.

# Напоминаем жителям района правила пожарной безопасности в осенний период

**Осень – прекрасное время заняться уборкой садовых участков от накопившегося за лето мусора, опавшей листвы, привести в порядок свой дом. Но в суете домашних хлопот не следует забывать о собственной безопасности. Беспечное обращение с огнем при сжигании сухой травы и мусора на придомовой территории зачастую оборачивается бедой – множество пожаров в осенний период происходит именно по этой причине.**

Во избежание возникновения пожаров необходимо:

убрать с участка сухую траву и листву, при этом разводить костры на территории поселений по требованиям правил противопожарного режима в противопожарных разрывах между зданиями запрещается.

Мусор, сухую траву, опавшие листья следует собирать на специально выделенных площадках. Для большей надежности можете соорудить из негорючего материала контейнеры для хранения отходов.

Не допускать скопления мусора на своем участке, вовремя вывозить мусор на специальные свалки.

Перед началом отопительного сезона обеспечьте все требования пожарной безопасности при эксплуатации отопительных и банных печей: проверить печи и дымоходы на наличие трещин, при необходимости устранить неисправности и побелить дымоходы.

Помните, что не потушенная спичка или сигарета, брошенная в траву, может послужить причиной загорания и привести к серьезному пожару.

Внимательно следите за отдыхом детей, объясните им все опасности открытого огня.

Соблюдайте правила пожарной безопасности, обо всех случаях возгораний незамедлительно сообщайте в ЕДДС по телефону 112 или в пожарную охрану по номеру 101 (01).

СОБЛЮДЕНИЕ МЕР ПОЖАРНОЙ ОПАСНОСТИ И БЕЗУСЛОВНОЕ ВЫПОЛНЕНИЕ ПРОТИВОПОЖАРНЫХ МЕРОПРИЯТИЙ ИСКЛЮЧИТ ОПАСНОСТЬ ВОЗНИКНОВЕНИЯ ПОЖАРА.

**Старший инспектор ОНД и ПР №15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по РД**
**старший лейтенант внутренней службы**
**Валиев Бунямин Магомедибирович.**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

**Диплом об окончании негосударственного частного профессионального образовательного учреждения «Многопрофильный колледж» г. Хасавюрт РД с регистрационным номером 0199, выданный 25.02.2022 г. на имя Шапиева Шайхолислама Аминдибировича, считать недействительным в связи с утерей.**

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал:
Макка МухIамадова
Фотомухбир:
Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.